Электрон рақамли имзо орқали тасдиқланган, Ҳужжат коди: EM2781412812

# YURIDIK A'HEMIYETKE IYE HU'JJETLERDIN' NIZAM HU'JJETLERINE MUWAPIQLIG'I HAQQINDAG'I JUWMAQ

1. **Joybar tu'ri:** Shartnama
2. **Joybar ati.** «Medicina o'nimlerin aldı-sattı shartnamasi»

**3. Joybar islep shig'ariwshi ha'm kiritilgen sa'ne haqqinda mag'liwmat.**

Shartnama joybari Taqiyatas rayoni Medicina birlespesi ta'repinen islep shig'ilg'an, Taqiyatas rayoni Medicina birlespesi menen "RUDI PHARM" JSHJ ortasinda medicina o'nimlerin satıp aliw boyınsha 18.000.000 sum mug'darındag'ı 26.01.2022-yil 31-sanli shartnama joybari Taqiyatas rayoni yuridik xizmet ko'rsetiw orayina huquqiy ekspertizadan o'tkiziw ushin 26.01.2022 jili kiritildi.

Xojalıq shártnamasında shártnama predmetin, jetkizip beriletuǵın tawardıń (xızmettiń) muǵdarı, sapası, assortimenti hám bahasin, shártnamanıń orınlaw múddetlerin, esap-kitap qılıw ta'rtibi, táreplerdiń minnetlemelerin, shártnama minnetlemeleri orınlanbag'anda yamasa lazım dárejede orınlanbag'anda táreplerdiń juwapkershiligi, kelip shıqqan nızalardı sheshiw hám de táreplerdiń rekvizitleri, shártnama dúzilgen sáne hám orındı, sonıń menen birge bunday túrdegi shártnamalar ushın nızamshılıqta belgilengen yamasa táreplerden birewiniń arzasına kóre óz-ara shártlesiwge erisiw kerek bolǵan basqa zárúrli shártlerdi názerde tutıwı kerek.

Xojalıq shártnamasın dúziwde tárepler tiyisli túrdegi shártnamalar ushın islep shıǵılǵan hám de huqıqıy ekspertizadan belgilengen tártipte ótkerilgeninen keyin daǵaza etilgen ózleriniń úlgili yamasa tipovoy shártlerine (formalarına ) ámel etiwleri múmkin.

**Juwmaq**

Shartnama joybari Ózbekstan Respublikasınıń 1998-jıl 29-avgustdaǵı «Xojalıq jurgiziwshi subyektlar iskerliginiń shártnamalıq-huqıqıy bazası haqqında»g'i №670-I Nızamı hám Puqaralıq Kodeksine muwapıq islep shıǵılǵan, ha'm oni qabil qiliw maqsetke muwapiq.

O'zbekistan Respublikasi Prezidentinin' 2021 jil 29-iyundagi "Ma'mleket mekemeleri ha'm sho'lkemleri yuridik xizmet ko'rsetiw iskerligin ja'nede jedellestiriw is ilajlari haqqinda"g'i PQ-5168 sanli Qararinin' 6-ba'ntinde Oraylar ta'repinen yuridik xizmet ko'rsetiw belgilengen mekemeler ta'repinen Oraylar menen kelisilmegen halda yuridik tu'stegi hu'jjetler qabil etiliwine jol qoyilmaydi. Bunday hujjetler yuridik ku'shke iye emes ha'mde qabil qiling'an waqittan baslap hesh qanday huquqiy a'hibet keltirip shig'armaydi dep ko'rsetilgen.

Usi Qarardin' 16-ba'ntinde Oraylar yuridik xizmet ko'rsetiletug'in mekemeler sondayaq nizamshiliq hu'jjetlerin orinlaniwin ta'minlemeytug'in ha'mde olardi buzatug'in basliqlar ha'mde xizmetkerlerdi juwapkershilikke tartiw boyinsha usinislar kiritiw huquqina iye ekenligi belgilengen.

Joqaridag'i talaplardan kelip shig'ip, Taqiyatas rayoni Medicina birlespesi ta'repinen Orayg'a ishki buyriq, shartnama ha'mde yuridik tu'stegi hu'jjetler o'z waqtinda, hu'jjetlerdi toliq qosimsha qilip "E-huquqshunos" elektron tizimge jiberiwin'iz soraymiz.

Taqiyatas rayonı
yuridik xizmet ko'rsetiw
oray bas yuriskonsulti

B.Otepov

2022-jıl 27-yanvar